



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE MIZAJOU SOU SIVEYANS KALITE LÈ NAN TOUT
ETA A POU KENBE NOUYÒKÈ YO AN SEKIRITE ETE SA A**

***Yo pibliye Konsèy Sante sou Kalite Lè a pou rejyon Adirondacks, Lès Lak Ontario
ak Lwès Nouyòk akòz enpak lafimen ensandi sovaj ki soti Kanada***

***Meteyològ DEC yo ap swiv kalite lè a avèk done ki soti nan plis pase 50 sit atravè
Eta Nouyòk***

***Pandan tan cho a ap pwoche, yo ankouraje Nouyòkè yo pou yo "okouran de kalite
lè a"***

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon aktyalizasyon sou efò konplè Eta a pou siveye kalite lè a nan tout eta a epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite ete sa a. Yo raple rezidan ak vizitè Nouyòk yo pou yo enkli sansibilizasyon sou kalite lè a nan woutin chak jou yo konsènan move tan. Anplis de sa, Eta Nouyòk ap pibliye yon Konsèy Sante sou Kalite Lè a pou jodi a, vandredi 6 jen, pou rejyon Adirondacks, Lès Lak Ontario, ak Lwès Nouyòk pou polisyon nivo patikil ki piti yo ki koze pa ensandi sovaj nan Lwès Kanada.

"Avèk dènye done ak syans yo, Nouyòk kontinye swiv kondisyon kalite lè a atravè Eta a pou kenbe kominote Nouyòk yo an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan tanperati yo kòmanse monte pandan mwa ete yo epi faktè mwens previzib tankou ensandi sovaj byen lwen rive, mwen ankouraje Nouyòkè yo fòtman pou yo rete enfòme epi prepare pou chanjman nan kalite lè a lè yo pote atansyon ak Konsèy Sante sou Kalite Lè Eta a epi pran prekosyon ki nesèsè pou yo rete an sekirite."

Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta Nouyòk la bay [previzyon sou kalite lè a chak jou](#) pou asire enfòmasyon sou kalite lè a disponib nan men nouyòkè yo. Pandan Eta Nouyòk gen kèk nan règleman sou kalite lè ki pi rijid nan peyi a pou diminye polisyon lè a epi pwoteje sante piblik ak anviwònman an, gen sèten jou ozòn oswa matyè patikil ka afekte kalite lè a nan kominote w la.

Lè yo sèvi avèk done yo kolekte nan plis pase 50 sit atravè eta a, DEC ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) pibliye Konsèy Sante sou Kalite Lè a lè metewològ

DEC yo fè previzyon sou nivo polisyon, swa ozòn oswa ti patikil piti (PM2.5), yo prevwa ki ta dwe depase yon Endis Kalite Lè (Air Quality Index, AQI) ki gen valè 100. AQI a te kreye kòm yon fason fasil pou etabli relasyon ant nivo polyan diferan yo nan yon sèl echèl, ak yon pi wo valè AQI ki endike yon pi gwo pwoblèm sante.

Yo pibliye yon Konsèy Sante sou Kalite Lè a pou PM2.5 pou vandredi 6 jwen, pou rejyon Adirondacks, Lès Lak Ontario, ak Lwès Nouyòk akòz enpak lafimen ki soti nan dife forè nan Kanada.

Yo ankouraje Nouyòkè yo [tcheke airnow.gov pou enfòmasyon egzat sou previzyon ak kondisyon kalite lè](https://www.airnow.gov). Ou ka jwenn enfòmasyon sou ekspozisyon a lafimen ki soti nan dife sou [sitwèb DOH la](https://www.doh.ny.gov).

Komisè DEC la, Amanda Lefton, te deklare, "Li enpòtan pou Nouyòkè yo pran konsyans de kalite lè a ete sa a pou yo rete an sekirite epi an sante. DEC kontinye swiv kalite lè a atravè eta a epi li travay avèk patnè nou yo nan Depatman Sante a pou kenbe piblik la enfòmè sou kijan pou yo pwoteje tèt yo ak fanmi yo epi diminye ekspozisyon yo a polisyon lè a. Nouyòkè yo ka vizite sitwèb DEC la pou jwenn previzyon metewolojik chak jou a oubyen itilize sous ou ka fè konfyans tankou aplikasyon AirNow EPA a, ki itilize done sou kalite lè a ke rezo siveyans DEC la bay nan tout eta a."

Komisè Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare, "Polyan tankou patikil ki soti nan ensandi sovaj oswa ozòn ki nan nivo tè a ka poze gwo risk pou sante—sitou pou moun ki gen pwoblèm kè oswa maladi poumon tankou opresyon, ansanm ak sila ki trè jèn yo, sila yo ki gen plis pase 65 an yo, ak moun ki ansent. Menm jan ou tcheke metewo a sou telefòn ou chak maten, nou ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo vizite [airnow.gov](https://www.airnow.gov) pou jwenn dènye previzyon sou kalite lè a epi pou yo rete veyatif pou Konsèy Sante sou Kalite Lè a ki soti nan Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la ak Depatman Sante a. Lè kalite lè a pa bon, pwoteje tèt ou lè w rete andedan, diminye ekspozisyon w epi minimize efò w lè w deyò."

Polisyon nan lè a ka andomaje sante piblik ak resous natirèl yo nan plizyè fason. Tan ete cho ouvri wout la pou de gwo polyan ki konsène sante moun: fòmasyon [ozòn](#) ak patikil fen (PM2.5), ti patikil solid oswa ti gout likid nan lè a ki se 2.5 mikwon oswa mwens nan dyamèt. Pwason ak bèt sovaj yo montre enpak danjere nan [lapli asid](#) ak [mèki](#) nan lè. [Gaz efè sè yo](#) ki nan lè a ap chanje klima mond lan epi kontribiyè nan enpak danjere tankou chalè ekstrèm, inondasyon ki ka touye moun, sechrès, dife, monte nivo lanmè, ak gwo tanpèt.

Chalè ekstrèm

Gouvènè Hochul te fèk mete aksan sou nouvo resous amelyore ki disponib pou pwoteje kominote Nouyòk yo kont chalè ekstrèm ete sa a jan [Plan Aksyon kont Chalè Ekstrèm Eta a](#) rekòmande sa, tankou:

- **Nouvo sipò pou refwadisman lakay:** Avèk [nouvo pwogram Refwadisman Plan Esansyèl la](#) (Essential Plan Cooling), Eta Sante Nouyòk pral bay manm ki elijib pou Plan Esansyèl la yon klimatizè gratis pou kenbe kay yo fre. Pwogram sa ap konplete asistans ki disponib an 2025 nan kad [pwogram Refwadisman HEAP la](#) ki te sèvi plis pase 23,000 fanmi an 2024.
- **Pi bon aksè a sant refwadisman yo:** Nouvo resous yo disponib pou ede konekte Nouyòkè yo ak espas ki an sekirite pou refwadisman. Depatman Sante (DOH) Eta Nouyòk ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) pral kontinye kowòdone ak depatman sante lokal yo ak responsab ijans yo pou mete ajou [Lokalizatè Sant Refwadisman \(Cooling Center Finder\)](#) pandan tout ete 2025 la. DOH pwopoze nouvo resous pou bay enfòmasyon sou pi bon pratik pou mete sant refwadisman yo plas, ak kijan kote sa yo ta ka sèvi kòm sant lè ki pwòp. Faz 8 nan [pwogram sibvansyon Kominote Entelijan fas a Klima a \(Climate Smart Communities grant program\)](#) ouvri kounye a, [pandan yo mete 22 milyon dola disponib](#) pou finanse pwojè rediksyon gaz efè sè (Greenhouse Gas Emissions, GHG) ak adaptasyon a chanjman klimatik la, tankou etablisman sant refwadisman.
- **Lòt sipò pou bilding refwadisman:** Finansman disponib atravè Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) [sipòte pwoteksyon kont move tan ak chofaj ak refwadisman pwòp ak efikas](#) ki ka amelyore rezistans kont chalè ekstrèm nan kay, enstisyon enpòtan nan kominote a, lekòl ak lòt ankò. Yo te pibliye nouvo "[Gid Konsepsyon pou Dekarbonizasyon ak Rezistans Klimatik \(Decarbonization and Climate Resiliency Design Guide\)](#)" Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services) yo pou nouvo pwojè konstriksyon batiman leta ak pwojè gwo renovasyon, pou evalye epi redwi risk klimatik (tankou chalè ekstrèm ak Zile Chalè Iben) atravè yon konsepsyon pwo-aktif.
- **Nouvo investisman nan lekòl fre:** Lwa sou Edikasyon an fèk egzije distri lekòl piblik yo ak Konsèy Sèvis Edikatif Koperatif (Board of Cooperative Educational Services, BOCES) pou devlope yon politik chalè ekstrèm, ki etabli [kèklimit tanperati](#). NYSERDA ofri finansman adisyonèl pou [enstale refwadisman ak chofaj pwòp nan lekòl yo](#), pa egzanp atravè finansman nan kad [Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vèt \(Clean Water, Clean Air and Green Jobs Environmental Bond Act\)](#).
- **Zouti ak finansman amelyore pou kominote ki fre yo:** [Konsèy ak previzyon sou chalè ekstrèm pou Nouyòkè yo](#), [kat ekspozisyon chalè ekstrèm preliminè ak Endis Vilnerabilite a Chalè \(Heat Vulnerability Index\)](#) DOH la ede kominote yo konprann ekspozisyon ak vilnerabilite yo. Pwogram tankou [Kominote Entelijan fas a Klima a](#) finanse kominote yo nan planifikasyon, konsepsyon ak egzekisyon solisyon yo. Nouvo finansman elaji sipòte solisyon ki baze sou lanati tankou [forè iben](#), [fèm iben ak jaden kominotè](#) pou refwadi katye yo epi diminye zile chalè yo. [Inisyativ Investisman nan Tout Eta Nouyòk nan Amelyorasyon Natasyon \(New York Statewide Investment in More Swimming, NY SWIMS\)](#) Gouvènè Hochul la te elaji natasyon anplennè grasa pwogram sibvansyon [Konekte Timoun ak Anseyman Natasyon Transpò a \(Connect Kids to Swimming Instruction Transportation\)](#), epi fè avanse pwojè investisman pou enstalasyon natasyon nan

kominote ki defavorize atravè pwogram sibvansyon konpetitif premye faz NY SWIMS.

DOH la te lanse tou [Tablodò sou Risk Ak Maladi Ki Lye ak Chalè a Nan Eta Nouyòk \(New York State Heat Risk and Illness Dashboard\)](#) ki entèaktif epi ki pral pèmèt piblik la ak dirijan swen sante nan konte yo detèmine nivo risk sante yo prevwa ki gen rapò ak chalè nan zòn yo, epi sansiblize sou danje ekspozisyon a chalè a.

Gade epizòd nan emisyon "[DEC Fè Kisa?!](#)" #4 *The Air Up There* kote metewològ polisyon lè yo (me 2024) yo eksplike Endis Kalite Lè a ak kijan pou itilize li, ki jan kondisyon metewolojik ak diferan sezon ka afekte kalite lè a, si nou dwe enkyete sou lafimen dife sovaj epi kijan sa ye pou mezire kalite lè nan Antatik.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)